



Pou Piblikasyon Imedya: 09/15/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO LANSE PWOGRAM JESYON ANVIWONMANTAL KONSÈVASYON KÓ EKSÈLSYÓ

### *Pwogram AmeriCorps ofri 10-Mwa eksperyans sèvis a jèn adilt, veteran yo*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse lansman Kò Konsèvasyon Eksèlsyò Eta New York, yon nouvo pwogram AmeriCorps edikasyon anviwonmantal pou moun ki gen laj 18 a 25 ane. Depi ou fin enskri nan pwogram lan, manm yo pral pèfòme pwojè anviwonmantal ki enpòtan nan Eta New York pandan yap genyen eksperyans pratik ak kompetans nan konsèvasyon karyè yo.

“Excelsior Conservation Corps pral ofri jèn Nouyòkè yo opòtinite pou yo gen kompetans ak fòmasyon pandan yap adrese kèk nan bezwen anviwonmantal yo ki pi presan,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Kontinye tradisyon rich jesyon anviwonman eta, nouvo inisyatif sa a pral ede asire ke New York vini pi pwòp ak pi vèt pase anvan.”

Imajine nan Ajanda Opòtinite 2015 Gouvènè Cuomo, Excelsior Conservation Corps pral enskri 50 manm, nan rechèch anpil manm ak angajman veteran. Pwogram sèvis 10-mwa pral kòmanse nan janvyè 2016 e li pral jere pa Asosyasyon Konsèvasyon Etidyan, yon òganizasyon nasyonal premye plan nan sèvis konsèvasyon jèn ak adilt ak pwogram edikasyon anviwonmantal.

“Excelsior Conservation Corps pral bati sou eritaj anviwonmantal New York, pwoteje ak amelyore resous natirèl eta pandan lap asire jesyon kontinyèl nan abilite pwochen jenerasyon lidè konsèvasyon yo,” **te deklare Gouvènè Adjwen Kathy Hochul**, ki te patisipe jodia nan yon konferans laprès.

Pwogram nan ap finanse grasa \$1.9 miyion an finansman konbine eta ak federal. Fon Pwoteksyon Anviwonmantal Eta New York, New York State Environmental Facilities Corporation ak Inivèsite Eta New York pral bay yon total \$1 milyon pou pwogram nan. Komisyon Eta New York sou Sèvis Kominotè ak Nasyonal, an patenarya avèk Kòporasyon federal pou Sèvis Nasyonal ak Kominotè, te angaje tou \$850,000 nan fon AmeriCorps pou pwogram nan. Yo pral garanti fon adisyonèl pa Asosyasyon Konsèvasyon Etidyan grasa parenaj ak don prive.

## **Excelsior Conservation Corps Aktivite ak Fòmasyon**

Sou sipèvizyon Asosyasyon Konsèvasyon Etidyan, manm yo nan pwogram lan pral ede ajans yo nan eta enkli Depatman Konsèvasyon Anviwonman, Biwo Park, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik, Kòporasyon Etablisman Anviwonmantal ak Inivèsite Eta New York nan jesyon espas lib; jesyon resous natirèl; enfrastrikti ak dirabilite; rekreyasyon ak aksè katografi; ak edikasyon anviwonmantal ak sansibilizasyon nan sit kan eta ak sant natirèl yo. Pwojè spesyal yo ap gen ladan pwojè amelyorasyon dlo, amelyorasyon sekirite sou santye ak sit kanp yo, restorasyon mare marekaj, retire espès anvayisan yo, siveye abitasyon, ak chanjman klima ak mezi rezistans. Anplis de travay jesyon anviwonman, manm yo pral antreprann fòmasyon jesyon volontè ak katastwòf pou ede kominote yo ki te afekte pa move tan epi travay kòm lidè volontè pandan pi gwo evènman sèvis.

Manm Excelsior Conservation Corps pral baze nan Morrisville State College, kote yo pral resevwa fòmasyon apwofondi ak sètifikasyon premye sekouris nan dezè, konstriksyon santye, konstriksyon wòch ak bwa, menwizye, jesyon risk ak repons ijans, edikasyon ak sansibilizasyon, ak lavi andeyò rekwen bouk yo. Apre yo fin konplete pwogram fòmasyon debaz la, manm yo pral angaje nan travay sèvis, divize an gwoup ki pi piti pou takle pwojè priyorite yo nan eta. Pandanke yo sou kontwòl ak plizyè jou oswa atelaj sou semèn sèvis, manm yo pral rete nan sit satelit, souvan kanpin, oswa rete nan kabin nan Park Eta yo ak nan sit kan Depatman Konsèvasyon Anviwonman an.

### **Kalifikasyon ak kijan pou Aplike**

Excelsior Conservation Corps mete anfas sou edikasyon ak delvopman karyè. Manm yo pral devlope konpetans lidèchip, konpetans travay jeneral ak konpetans komèsyalizasyon ki fèt pou dirije a yon karyè nan konsèvasyon oswa nan yon domèn ki gen rapò. Pwogram nan pral bay opòtinite pou amelyore delvopman pèsònèl ak pwofesyonèl epi relye resous pwofesyonèl ak akademik ki pral ranfòse opòtinite apre sèvis yo. Yo pral peye chak manm yon salè.

Yon manm Excelsior Conservation Corps dwe: yon sitwayen Ameriken oswa rezidan ant laj 18 ak 25; li dwe yon rezidan Eta New York oswa ale lekòl nan eta; gen yon diplòm lekòl segondè oswa GED; anmezi pou travay alafwa endepandan epi tankou manm yon ekip; epi anmezi pou pèfòme travay fizik. Yo pral fè akomodasyon apwopriye kèlkeswa lè li posib pou sila yo ki andikape. Efò spesyal pral fèt pou rekrite kandida veteran ak minorite yo.

Pou telechaje yon aplikasyon oswa pou jwenn plis enfòmasyon sou Environmental Conservation Corps, vizite [www.ny.gov/ECC](http://www.ny.gov/ECC). Environmental Conservation Corps se yon anplwayè opòtinite egal.

**Depite Paul Tonko te deklare**, “Konsèvasyon ak pwoteksyon anviwonmantal enpòtan pou endistri touris enpòtan nan Upstate New York. Travay enpòtan jèn adilt sa yo ap pèfòme a pral ede sipòte travay rekreyasyon ki depann sou yon anviwonman pwòp,

ansante, òganize, ak dirab nan kominote nou yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li te rekonèt bezwen pou pwogram sa a, ansanm avèk fòmasyon patisipan li yo pral valorize pou rès karyè yo."

**Senatè Neil Breslin te deklare,** Nouvo edikasyon anviwonmantal ak pwogram jesyon an bay yon gwo opòtinite pou jèn adilt yo jwenn eksperyans valab nan zòn konsèvasyon anviwonman. Pwoteje epi konsève resous natirèl eta nou an enpòtan pou yon avni ki pi briyan pou New York e kalite premye eksperyans pratik jèn moun sa yo pral jwenn plis sipò pou efò sa a."

**Manm Asanble Patricia Fahy te deklare,** "Pwogram Jesyon anviwonmantal sa se yon opòtinite ki vrèman inik pou jèn adilt yo chanje enterè anviwonmantal yo an yon karyè epanouyi. ECC pral kontribye nan efò kontinyèl nou pou amelyore vas resous natirèl isit la nan Eta New York, pandan lap ankouraje jèn manm yo pou fè travay enpòtan vini yon pwofesyon pou lontan. Mwen felisite fòtman Gouvènè a paske li te lanse opòtinite konsèvasyon kreyativ sa pou jèn moun nou yo."

**Direktè Egzekitif Eta New York sou Komisyon Nasyonal ak Sèvis Kominotè Linda Cohen te deklare,** "Nou rekonesan a Gouvènè Cuomo pou sipò ak vizyon l nan kreyasyon pwogram Ameri Corps pou Eta New York. ECC pral yon pwogram AmeriCorps inik nan tout eta, pote jèn moun yo ansanm pou viv, aprann epi sèvi kòlèg Nouyòkè yo ak pou demontre pouvwa sèvis pratik pou kreye solisyon kap travay."

**Komisyonè pa Entèrim Depatman Konsèvasyon Anviwonman Eta New York Marc Gerstman te deklare,** "Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, New York ap reviv konsèp pou koupè jesyon anviwonmantal avèk sèvis jèn yo ak devlopman konpetans. Manm Excelsior Conservation Corps pral amelyore eksperyans rekreyasyon anplennè nan sit kan Adirondacks ak Catskills. Nap rete tann pou n travay avèk ECC pou devlope konesans ak konpetans ki nesèsè pou jèn adilt sa yo antre nan karyè nan jesyon resous natirèl yo."

**Komisyonè Park Eta New York, Rekreyasyonak Prezèvasyon Istorik Rose Harvey te deklare,** "Katreventan de sa CCC te bati anpil nan state parks yo ke plizyè milyon Nouyòkè pwofite jodia. Nouvo Excelsior Conservation Corps a pral bati sou tradisyon rich sa e jèn adilt yo jodia pral ede restore epi amelyore etablisman lwazi eksepsyonèl nou yo nan eta."

**Prezidan ak PDG New York State Environmental Facilities Corporation M. Ty te deklare,** "Pwojè Excelsior Conservation Corps pral ede amelyore kalite dlo nan New York grasa pwojè enfastrikti ak rezistans. Nou apresye sèvis ak angajman manm ECC yo pral pote a youn nan bezwen enfastrikti anviwonman ki pi presan nan eta."

**Chanselye SUNY Nancy L. Zimpher te deklare,** “State University New York fyè pou l fè patenarya nan bay opòtinite ekstraòdinè sa a, ki pral prepare patisipan yo pou karyè nan konsèvasyon anviwonman pandan lap amelyore resous natirèl ak park New York yo. SUNY Morrisville gen yon istwa rich lidèchip nan edikasyon agrikilti, e kanpis la pral sèvi kòm yon anviwonman ideyal pou pwogram enteresan inik sa a.”

**Prezidan Morrisville State College Dr. David. E. Rogers te deklare,** “Lokalize nan mitan New York, SUNY Morrisville byen lokalize pou sèvi kòm baz kan pou ECC. Pandan sèvis yo manm ECC yo pral gen opòtinite pou pwize nan espesyalite pwofesè SUNY nou yo, eksperimante lavi dinamik kanpis nou an epi ogmante lòt resous yo an sipò objektif pwogram nan.”

**Direktè Divizyon Afè Veteran Eta New York Eric J. Hesse te deklare,** “Travay konsèvasyon anplennè se yon chwa natirèl pou anpil veteran kap eksperimante viv ak travay an ekip, konplete travay ki fizikman difisil, epi adapte a sitiyasyon lavi anplennè oswa lòt nouvo anviwonman yo. ECC pral ofri jèn gason ak fi sèvis yo opòtinite pou itilize posibilite eksperyans ak konpetans lidèchip gason ak fi sa yo pou pozitivman afekte anviwonman natirèl eta pandan lap prepare yo pou ranpli karyè anrichisan nan konsèvasyon.”

**Ofisye Divèsite Anchèf Eta New York Rose Rodriguez te deklare,** “Anfaz ECC sou divèsite manm yo bati sou efò kontinyèl Gouvènè a pou bay opòtinite egal pou tout Nouyòkè yo. Lè nou konekte jèn adilt yo avèk tout orizon nan lavi a avèk fòmasyon karyè konsèvasyon enpòtan, konsèy ak edikasyon, nap non sèlman envesti nan avni anviwonman eta nou an men nan siksè ekonomik jèn adilt nou yo.”

**Prezidan Asosyasyon Konsèvasyon Etidyan ak Ofisye Egzekitif Anchèf Jaime Berman Matyas te deklare,** “Nou onore dèske yo te chwazi nou pou inisye Excelsior Conservation Corps Gouvènè Cuomo pou Eta New York. Depi 1999, nou te fè patenarya reyisi avèk DEC ak State Parks yo pou elaji eksperyans edikasyon rekreyasyon anplennè pou Nouyòkè yo grasa pwogram sansibilizasyon edikasyon pratik ak pwojè jesyon yo. ECC a pral bati sou kolaborasyon nou epi ede delvope pwochen jenerasyon jesyon anviwonmantal yo.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418